


# TIMOUN AK PWAZON PLON (YON MALADI KI SILANSYE)

KONSÈY SANTE KI KAPAB KENBE W AN SANTE

# AMERITIPS



## KISA ANPWAZONMAN PLON YE?

- Se lè ou gen twòp plon nan kò w ki fè w malad.
- Pa gen tretman pou li.
- Twòp plon nan kò l kapab domaje sèvo yon timoun, kè li ak ren li yo. Li kapab koze pwoblèm aprantisaj, ak pwoblèm konpòtman. Li danjere anpil pou timoun ak fanm ansent ansanm ak ti bebe yap pote a.

## KIBÒ MOUN JWENN PLON?

- Moun jwenn plon nan penti ak moso penti ki soti nan mi.
- Li soti nan pousyè ki soti nan rido fenèt ak fenèt ki pentire.
- Li soti nan labou arebò deyò kay la epi nan dlo ke moun bwè.
- Batiman ki te bati oswa mi ki te pentire anvan 1978 gen plis risk pou yo gen pousyè ak penti ki a baz plon.

## KOUMAN MOUN FÈ KONTAMINE PA PLON?

- Ou gen dwa manje li. Moso penti gen dwa dekale soti nan mi an epi timoun manje li.
- Pousyè gen dwa gen plon ladan l. Ou menm ak pitit ou gen dwa respire l. Si pousyè a sou jwèt yon timoun, yo gen dwa manje l tou pandan yo mete jwèt la nan bouch yo.
- Ou gen dwa bwè li si ou bwè dlo ki soti nan tiyo dlo ki la lontan e ki gen plon oubyen lakay ou ou byen nan vil la.

## KÒMAN M KA KONNEN SI KAY MWEN GEN PENTI OSWA DLO A BAZ PLON?

- Mande mèt kay la si kay la pa gen plon.
- Rele depatman sante lokal ou epi mande pou yon moun vinn tyeke kay la pou wè si pa gen penti a baz plon.
- Rele Enfòmasyon nan Sant Nasyonal Plon nan 1-800-532-3394 pou plis enfòmasyon.

## KOUMAN MAP KONNEN SI PITIT MWEN AN PRAN PWAZON PLON?

- Ou gen dwa pa konnen anvan li deja twò ta. Doktè w la nan Swen Kominotè AMERIGROUP ap gen pou tyeke pitit ou a pou wè si li pa gen pwazon nan san l jiskaske li gen 6 zan.
- Gen kèk siy pou tyeke tankou tèt fè mal, vomisman, vant fè mal, epi si timoun nan ap pale pi lantman ke nòmal.
- Al wè doktè pou tès san tou swit.
- Doktè w la gen pou l fè yon tès san lè pitit ou a gen 1 lane epi yon lòt lè l gen 2 lane. Doktè w la gen pou fè w konnen si ou bezwen fè plis tès san.

## KISA MWEN KAPAB FÈ POU MWEN PREVNI ANPWAZONMAN PLON?

- Lave tout planche, jwèt ak tab chak jou.
- Lave men ak figi tout timoun avan yo manje.
- Pa kite timoun yo dekale oswa koupe penti.
- Mande doktè fanmi an pou li fè yon tès plon pou pitit ou.

AMERIGROUP se yon konpayi ki gen divèsite kiltirèl. Nou akeyi tout moun ki elijib nan pwogram swen sante nou yo, kèlkanswa kondisyon sante yo. Si w ta gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri rele nan 1-800-600-4441 (TTY 1-800-855-2880) epi mande pou ekstansyon 34925. Oswa vizite [www.myamerigroup.com](http://www.myamerigroup.com).

Nimewo Telefòn Itil pou Manb AMERIGROUP yo Sèlman  
Sèvis pou Manb oswa Ling Ed Enfimyè 24-è pa jou:  
1-800-600-4441 • TTY: 1-800-855-2880

AMERIGROUP®  
Community Care  
[www.myamerigroup.com](http://www.myamerigroup.com)